



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI BIWO SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ POU PWOJÈ OTOWOUT KENSINGTON LAN NAN LÈS BUFFALO

Nouvo biwo a sitiye nan 878 Humboldt Parkway; Yo nonmen yon ajan lyezon pou sansibilizasyon kominotè pou pwojè a ki dwe baze nan Sant Sansibilizasyon an madi jiska samdi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon biwo sansibilizasyon kominotè te ouvri ofisyèlman pou pwojè Otowout Kensington (Kensington Expressway) nan 878 Humboldt Parkway nan Vil Buffalo pou plis opòtinite pou angajman piblik pandan planifikasyon pou pwojè pou rekonekte kominote a sou Otowout Kensington Expressway nan Lès Buffalo ap kontinye. Jan Gouvènè Hochul [te anonse](#) sa anvan, gen yon evalyasyon anviwònmanal pou pwojè Otowout Kensington lan ki ankou epi ki pral fini nan kòmansman ane 2024, sa ki pral ouvri pòt pou yon inogirasyon ofisyèl nan fen ane sa a. Yo te lanse yon [nouvo sit entènèt](#) ak [de reyinyon eksplorasyon piblik](#) ki te fèt nan Buffalo Museum of Science (Mize Syans Buffalo) nan 30 jen, ki te bay Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a kòmantè valab sou pwojè a.

"Pwojè Otowout Kensington lan gen potansyèl pou l chanje jwèt la pou Lès Buffalo, ouvri nouvo opòtinite pou rezidan yo epi rekonekte yon kominote ki literalman separe pa yon otowout", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk ouvèti nouvo sant sansibilizasyon kominotè sa a, nou pral kapab angaje dirèkteman avèk rezidan yo ke pwojè transfòmasyon sa a te afekte plis epi resevwa kòmantè ki gen anpil valè. Li enpòtan pou nou fè pwojè sa a byen epi kontinye angaje ak kominote a enpòtan anpil pou siksè li".

Expressway Kensington lan ki te konstui pandan ane 1950 ak 1960 yo, te ranplase sa ki te yon gran boulva twa vwa — Parkway istorik Humboldt la te desinen pa Frederick Law Olmsted — ak yon otowout anba tè ki te koupe koneksyon ant katye ki ozanviwon yo. Avèk jiska 1 milya dola Gouvènè Hochul mete sou kote pou pwojè ki pote transfòmasyon sa a nan Lès Buffalo, katye yo ki te mal divize pa konstriksyon orijinal Otowout Kensington lan, yon lòt fwa ankò pral reyini.

Biwo sansibilizasyon kominotè a pral ouvri pou piblik la madi jiska samdi epi se anplwaye pwojè a ki pral travay ladan. Nou ankouraje piblik la vizite biwo a pou jwenn enfòmasyon sou pwojè a, poze kesyon epi patisipe nan efò kontinyèl pou kolekte opinyon kominote a.

Lè Biwo Sansibilizasyon Kominotè nan 878 Humboldt Parkway:

- Madi jiska vandredi: 10 a.m. - 6 p.m.
- Samdi: 10:00 AM - 2:00 PM

Anplwaye pwojè a disponib tou nan telefòn nan (716) 370-0071 oswa pa imèl nan www.KensingtonCommunityOutreach@dot.ny.gov

Sansibilizasyon piblik pou pwojè a te kòmanse lansman kensingtonexpressway.dot.ny.gov/ nan 29 jen 2022. Sit entènèt pwojè a bay enfòmasyon sou pwojè ki ajou pou piblik la.

Komisè Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT), Marie Therese Dominguez, te deklare, "Depatman Transpò a ap angaje avèk kominote Lès Buffalo yon fason favorab anrapò ak pwojè Otowout Kensington lan, epi nouvo biwo sa a bay rezidan Lès Buffalo yon opòtinite pou rankontre avèk nou, poze nou kesyon epi jwenn repons an tan reyèl. Nou vle fè patenarya ak kominote a nan chak etap nan pwosesis sa a pandan n ap devlope pwojè sa a. Mwen ankouraje rezidan Lès Buffalo yo pou vizite nou - fizikman nan Sant Sansibilizasyon an, sou entènèt, oswa nan youn nan anpil evènman kominotè nou planifye pou patisipe nan mwa k ap vini yo".

Nan travay an patenarya avèk Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration, FHWA), Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la ap fè avanse pwosesis revizyon anviwònmanal la pou pwojè sa a atravè yon evalyasyon anviwònmanal ki pral bati sou plizyè ane sansibilizasyon piblik pa NYSDOT ak konvèsasyon avèk lidè lokal yo sou fason pou pi byen korije mal nan tan pase yo an pou katye nan Lès Buffalo yo. Depatman Transpò Eta a ap evalye kounye a opòtinite pou kreye nouvo espas piblik ouvè, amelyore sekirite pou bisiklèt ak pyeton, epi adrese bri ak polisyon lè a kòm yon pati nan pwosesis anviwònmanal la. Depatman an ap evalye tou amelyorasyon nan wout lokal yo pou fasilite operasyon an sekirite machin nan katye ki rekonekte yo. Kensington Expressway la transpòte apeprè 80,000 machin chak jou.

De reyinyon eksplorasyon piblik te fèt 30 jen 2022 nan Buffalo Museum of Science Sesyon yo te prezante pano enfòmasyon sou divès konsèp pou pwojè a, ki gen ladan de opsyon ki te poze fondasyon pou retabli yon potansyèl otowout a nivo ki t ap retabli peyizaj orijinal lari Humboldt Parkway. Reyinyon sa yo te bay manm kominote yo yon opòtinite pou yo aprann sou opsyon y ap konsidere pou pwojè a epi bay Depatman Transpò a kòmantè yo. Reyinyon an te gen yon peryòd kòmantè 30 jou sou rapò eksplorasyon pwojè a ki te vin apre. Kominote a te resevwa prèske 200 kòmantè pou ede enfòme pwosesis pou pran desizyon Depatman an.

Anplwaye Depatman an te asiste epi te bay enfòmasyon sou pwojè Otowout Kensington tou nan evènman kominotè sa yo pandan tout ete a:

1. Reyinyon Board of Block Clubs - 28 jiyè 2022
2. Reyinyon Kominotè nan Delavan-Grider Community Center - 30 Jiyè 2022
3. National Night Out - 2 out 2022
4. Surviving is Thriving Health Fair - 16 out 2022
5. Community Day of Hope - 2 septanm 2022
6. Back to School Block Party - 3 septanm 2022

Nan yon efò kontinyèl pou pran opinyon sou pwojè a, anplwaye pwojè a ap bay enfòmasyon sou pwojè a kounye a pandan tout sezon otòn lan nan plizyè sèvis legliz nan vil Buffalo ki gen ladan yon sèvis nan True Bethel Baptist Church nan 13 novanm.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Transfòmasyon Otowout Kensington lan sou wout li gras ak investisman istorik Lwa sou Envestisman nan Enfrastruktik ak Travay (Infrastructure Investment & Jobs Act, IJJA) Bipatit nou an. Pandan twò lontan Lès Buffalo te separe ak vil la, sa ki agrave inegalite rasyal yo ak toufe opòtinite ekonomik. Lè a deja pase pou nou simonte baryè sa a epi vwa kominote a dwe pran plas devan ak sant nan konstwi avni sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li angaje kominote a pou kòmanse repare domaj ki te rive nan katye Martin Luther King ak Hamlin Park yo ki te divize depi lè yo te konstwi Kensington".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Pwojè sa a bay yon opòtinite enkwayab pou rekonekte ak re-envesti nan katye Humboldt Parkway Buffalo a. Angajman aktif kominote a pral asire dimansyon pwojè a enkòpore karakteristik konsepsyon ki reflekte kòmanè piblik la epi ki satisfè bezwen rezidan yo ki abite nan katye sa a epi ki konnen li pi byen".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Pandan tout pouswit pwojè sa a, kòmantè kominote a te kle - anplifye apèl pou investisman reyèl, transfòmasyon, epi ede detèmine bezwen ak dimansyon sa k ap vini yo. Biwo sansibilizasyon kominotè fizik sa a pral kontinye alimante dialòg enpòtan sa a, epi bay patisipasyon piblik la priyorite pandan pwojè sa a ap avanse".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul ak Komisè NYSDOT Dominguez pou defans kontinyèl ak patenarya yo. Mwa apre yo fin mansyone ke yo t ap ouvri yon biwo sansibilizasyon kominotè pou pwojè sa a, yo te fè li tounen yon reyalyte. Rezidan Zòn yo pral kapab kounye a jwenn enfòmasyon, angaje avèk konsiltan pwojè yo, epi aprann plis sou efò kolektif nou yo pou korije yon mal istorik pou pwojè Cover the Kensington Expressway", Lidè Majorite Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare.

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Ouvèti yon nouvo biwo sansibilizasyon kominotè sou Humboldt Parkway pou pwojè Otowout Kensington lan se yon lòt etap pozitif nan rekonekte katye prensipalman Nwa yo li te koupe lè li te premye konstwi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan pwojè sa a. Nouvo biwo sa a se yon lòt gwo opòtinite pou rezidan yo kite yo tandè vwa yo pandan yon pwosesis ki pral finalman mennen nan inifikasyon katye nan vil nou an, ak gerizon nan yon kominote".

Chèf Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz: "Kreye yon Biwo Sansibilizasyon Kominotè pou Pwojè Otowout Kensington lan gen anpil sans epi li pral bay piblik la anpil opòtinite pou angaje ak enfòmè pandan pwojè transfòmasyon sa a ap avanse. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li ouvri biwo sa a epi mwen espere pwojè sa a ap avanse".

Depatman Transpò a planifye pou pibliye rapò eksplorasyon final la pou pwojè Otowout Kensington nan sezon otòn 2022, an konjonksyon avèk yon reyinyon piblik. Depatman an ap idantifye yon kote potansyèl epi li pral fè yon anons nan semèn k ap vini yo yon fwa dat ak kote yo detèmine.

Plan kapital sou senk ane, 32.8 milya dola, istorik Gouvènè Hochul la nan Depatman Transpò ke yo te adopte nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a gen ladan jiska 1 milya dola pou rekonekte katye lès-lwès yo atravè seksyon deprime koridò Otowout Kensington lan nan Lès Buffalo epi re-etabli espas vèt la ke Humboldt Parkway te bay nan kòmansman san yo pa konpwomèt kapasite alontèm lyen transpò rejyonal enpòtan Otowout la te founi.

An total, plan kapital Depatman Transpò a gen ladan prèske 3 milya dola pou pwojè enfrastrikti ki fè pwomosyon ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote atravè Eta New York yo. Anplis pwojè Kensington Expressway nan East Buffalo a, pwojè sa yo enkli rekonstriksyon Bruckner-Sheridan Interchange nan Hunts Point nan Bronx, sa k ap konvèti Inner Loop Freeway ki egziste deja a an yon boulva kominotè nan Rochester, konstriksyon rezo kominotè I-81 nan Syracuse, epi kouvri kèk pati nan Cross-Bronx Expressway nan Bronx.

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418